

Kuzvarwa kwaJesu

Ruka 2:1-20 - Kuzvarwa kwaJesu


Mumazuva iwayo Kesari Ogasito akapa chirevo chokuti vagari vose venyika dzose dzaitongwa neRoma vaverengwe. 3 Uye mumwe nomumwe akaenda kuguta rake kuti andonyoresa. 4 Saka Josefawo akakwira achibva kuguta reNazareta muGarirea achienda kuJudhea, kuBheterehema guta raDhavidhi nokuti akanga ari weimba yaDhavidhi noworudzi rwake. 5 Akaenda ikoko kundonyoresa naMaria, waakanga atsidzira kuzowanana naye uye akanga ava napamuviri. 6 Vachiri ikoko, nguva yokuzvarwa kwomwana yakasvika, 7 akazvara dangwe rake, mwanakomana. Akamuputira nemicheka akamuisa muchidyiro chezvipfuwo, nokuti muimba yavaeni makanga musisina nzvimbo yavo.

8 Uye kwakanga kuna vafudzi vakanga vachigara kumafuro aiva pedyo naikoko, vachichengeta makwai avo usiku. 9 Mutumwa waShe akazviratidza kwavari, uye kubwinya kwajehovha kwakavakomba, uye vakatyva kwazvo. 10 Asi mutumwa akati kwavari, "Musatya. Ndauya nenhau dzakanaka dzomufaro mukuru uchava wavanhu vose. 11 Nhasi muguta raDhavidhi mazvarwa Muponesi; ndiye Kristu Ishe. 12 Ichi ndicho chichava chiratidzo kwamuri: Muchawana mwana akaputirwa nemicheka uye avete muchidyiro chezvipfuwo."

13 Pakarepo hondo huru yokudenga yakaonekwa pamwe chete nomutumwa vachirumbidza Mwari vachiti: 14 "Mwari ngaarumbidzwe kumusoro solo, uye rugare panyika nokuvanhu vaanofarira."

15 Vatumwa vakati vabva kwavari uye vaenda kudenga, vafudzi vakataurirana vachiti, "Handei kuBheterehema tindoona chinhu chaitika ichi, chataudzwa nezvacho naShe." 16 Saka vakakurumidza kusimuka vakaenda vakandowana Maria naJosefa, nomwana, akanga avete muchidyiro chezvipfuwo. 17 Vakati vanuona, vakaparadzira shoko maererano nezvakanga zvataurwa pamusoro pomwana uyu, 18 uye vose vakazvinzwa vakashamiswa nezvavakataurirwa navafudzi. 19 Asi Maria akachengeta zvinhu zvose izvi akazvifungisia mumwoyo make. 20 Vafudzi vakadzokera vachikudza nokurumbidza Mwari pamusoro pezvinhu zvose zvavakanga vanzwa uye zvavakaona, zvakanga zvakangoita sezvavakanga vataurirwa.

(Verengawa Johani 1:14)



**Nhasi muguta raDhavidhi mazvarirwa Muponesi;
ndiye Kristu Ishe. Ruka 2:11**

Muprofita Isaya 9:2-6

Vanhу vaifamba murima vakaona chiedza chikuru; vaigara munyika yemumvuri worufu, vakapenyerwa chiedza. 3 Makawanza rudzi, makawedzera mufaro wavo, vanofara pamberi penyu, sokufara kwavanhu panguva yokucheka, sokufara kwavanhu kana vachigoverana zvinhu zvakapambwa. 4 Nokuti makavhuna joko raivaremedza, netsvimbo yairova mafudzi avo, neshamhu yevaivamanikidza, sapamazuva avaMidiani. 5 Nokuti shangu imwe neimwe yomurwi, yakatsika nokutinhira, nenguwo yakanyikwa muropa, zvichapiswa, zvichava sehuni dzomoto. 6 Nokuti takazvarirwa Mwana, takapiwa Mwanakomana, vumambo vuchava pafudzi rake, zitz rake richanzi: Unoshamisa, Gota, Mwari unesimba, Baba vokusingaperi, Muchinda werugare.

Tichitarisisa – Kuzvarwa kwaJesu.

1. Shona: Nemhaka yei Josefa naMaria vakaenda kuBeterehema? (*Kunonyorwa mazita avo*)
2. Ko sei Jesu akazvarirwa mudanga rezvipfuwo? (*Pakanga pasina nzvimbo muimba yavaeni nokuti vanhu vazhinji vakanga vauya kuzonyorwa mazita avo*)
3. Ko vafudzi vakaudzwa nani kuti Jesu akanga aberekwa? (*Nemutumwa*)
4. Mutumwa akatii pakutanga? (*Musatya - Ndinokuunzirai mashoko omufaro*)
5. Mashoko omutumwa aiti kudini? (*Muponesi akanga aberekwa*) Ndiani aifanira kugashira mashoko awa omufaro? (*Vanhу vose*)
6. Vatumwa vangani vakaimbira vafudzi? (*Hondo huru yokudenga*) Nderupi rwiyo rwakaimbwa nevatumwa? (*Mwari ngaarumbidzwe kumusoro soro*)
7. Ko vafudzi vakaitei zvavakanzwa mashoko omutumwa? (*Vakakurumidza kusimuka vakaenda kuBeterehema. Vakati vaona Mwana Jesu, vakamunamata*)
8. Vafudzi vakaitei mushure mokuona Mwana Jesu? (*Vakaenda kumba vachirumbidza Mwari. Vakaudza vamwe pamusoro pevzavakanga vaona.*)
9. Ko zvinorevei kuti Maria ‘akachengeta zvinhu zvose izvi akazvifungisia mumwoyo make’?
10. Ko iwe ungati kudini kunomumwe munhu pamusoro pekuzvarwa kwajesu uye nomufaro waunonzwa?